

RAPÒ ENTERIMÈ ASISTANS SNAP

Dat kourye a:	ID Travayè a
Kibò li soti	Nimewo Dosye
Nimewo Telefòn	Gwoup Asistans

**Ranpli Rapò Enterimè Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanè Ou an (SNAP).**

Tanpri konplete, siyen, bay prèv chanjman yo, epi retounen fòmilè atache ak biwo JFS konte ou an **avan 15 nan mwa sa.**

Nòt: Avantaj SNAP ou yo PRAL KANPE si ou pa retounen rapò ou an avan dat limit sa. Sa pa afekte okenn asistans Medicaid w ap resevwa nan men nou.

Kisa yon Rapò Enterimè ye epi Poukisa Mwen Bezwen Ranpli Fòmilè Sa?

- Yon Rapò Enterimè se yon anrejistreman demi-pakou pou revize dosye ou pou nenpòt chanjman. Biwo JFS konte ou an pral itilize enfòmasyon ou bay yo pou garanti ke ou toujou elijib e ke w ap jwenn kantite asistans kòrèk la.
- **Si ou pa retounen fòmilè sa avan dat limit lan, avantaj ou yo pral kanpe. Si ou bezwen èd pou ranpli fòmilè sa oubyen ou gen kesyon, tanpri kontakte biwo JFS konte ou an.**

Ki chanjman Mwen Bezwen Rapòte epi Poukisa?

- Rapòte chanjman yo epi soumèt verifikasyon tout chanjman nan fwaye ou.
- Chanjman rapòte yo kapab lakoz yon ogmantasyon, diminisyon, oubyen fen avantaj yo.

Kisa pou fè avèk Rapò Enterimè a:

Ou kapab ranpli fòmilè sa epi soumèt li pa imel, lapòs, faks, oubyen pote li nan yon biwo JFS konte. Si ou pote li la, ou pral resevwa yon resi.

Ranpli Rapò Enterim Ou an Anliy:

- 1 Konekte oubyen kreye yon kont nan ssp.benefits.ohio.gov
- 2 Klike seksyon "Access" la adwat ekran an
- 3 Seleksyone "Interim Reporting" epi swiv enstriksyon yo



Si Adrès Ou An Chanje: Avize biwo JFS konte ou an imedyatman. Si JFS pa gen adrès kòrèk ou an, ou p ap jwenn enfòmasyon ou bezwen pou kontinye resevwa asistans.

Deklarasyon Non-diskriminatwa USDA

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans (eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki mal pou tandè oswa ki gen andikap pou pale kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan **(800) 877-8339**. 

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele **(833) 620-1071**, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmè Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. **Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli a:**



Pa lapòs:

Food and Nutrition Service, USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria, VA 22314; oswa



Faks:

(833)-256-1665 oswa (202)-690-7442; oswa



Imèl:

FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

Tanpri, piga ou voye enfòmasyon, tankou aplikasyon oubyen verifikasyon, nan adrès Depatman Agrikilti Etazini (United States Department of Agriculture (USDA)) ki endike anwo a. Adrès sa rezève sèlman pou plent ki lye ak dwa sivil. Tanpri voye dokiman kandidati oubyen verifikasyon nan biwo JFS konte lokal ou an.

RAPÒ ENTERIMÈ SNAP

Tanpri, reponn tout kesyon yo nan fòmilè sa. Si w bezwen plis espas, ekri repons ou yo nan yon lòt fèy papye epi atache l ak fòmilè sa a.

Ranpli enfòmasyon ou anba:	
Gwosè Fwaye a	Reveni Brit Total <i>(revni ganye epi ki pa ganye)</i>

Etap 1: Ranpli enfòmasyon nan bwat sa					
Non <i>(Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi)</i>			Nimewo Telefòn Prensipal		
Adrès kourye			Adrès Lari <i>(si l diferan)</i>		
Vil	Eta	Kòd Postal	Vil	Eta	Kòd Postal

Etap 2: Rapòte chanjman yo nan fwaye nan bwat anba a		
(A) Èske te genyen yon chanjman nan manm fwaye ou? Non - PA t genyen yon chanjman nan manm fwaye mwen yo Wi - Ranpli bwat ki anba		
Non Premye Moun lan <i>(Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi)</i>	Relasyon	Dat Nesans
Ajoute Retire		
Non Dezyèm Moun lan <i>(Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi)</i>	Relasyon	Dat Nesans
Ajoute Retire		

(B) Èske fwaye ou an te demenaje? Non - Fwaye mwen an PA t demenaje Wi - Fwaye mwen te demenaje. Ekri nouvo adrès lapòs ou an: _____ _____
--

Si ou te reponn "WI - Fwaye mwen te demenaje", èske depans pou lojman w yo te chanje?

Non - Depans pou lojman mwen yo PA t chanje

Wi - Depans pou lojman mwen yo te chanje. Ranpli bwat ki anba yo, epi atache prèv si ou ta renmen biwo JFS konte ou an itilize depans pou lojman ou an nan detèmine avantaj ou yo

Lwe oubyen Ipotèk pa Mwa
\$

Taks sou Pwopriyete Pa Mwa
\$

Asirans Abitasyon Pa Mwa
\$

Mwen peye pou sèvis piblik suivan yo (*koche tout sa ki aplike*):

Telefòn

Poubèl

Dlo ize

Dlo

Elektrisite

Gaz

Nòt: Tanpri atache prèv pou chak depans

EGZANP PRÈV POU ATACHE:

Bòdwo Sèvis Piblik

Kontra Lweyaj

Asirans Abitasyon

(C) Èske gen youn moun ki te chanje nan Revni Chak Mwa pa yo? (ex: gen ladan l divès chanjman nan tarif pèman pa lè a, salè ak estati anplwa a plen tan oubyen atan pasyèl al)

Non - PA t genyen yon chanjman

Wi - Ranpli bwat ki anba yo epi atache prèv (ex: Relve sou gany oubyen pèman, fòmilè W-2 yo)

Non(*Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi*)

Tip Chanjman

Konbyen kòb yo touche pa mwa?
\$

Non(*Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi*)

Tip Chanjman

Konbyen kòb yo touche pa mwa?
\$

Non(*Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi*)

Tip Chanjman

Konbyen kòb yo touche pa mwa?
\$

(D) Si ou soumèt ak kondisyon travay la pou Adilt San Andikap Ki Pa Gen Moun Sou Kont yo (Able-Bodied Adults Without Dependents (ABAWDS)), èske kantite èdtan ou yo te diminye pi ba pase 20 èdtan pa semèn (oubyen 80 èdtan pa mwa)?

Non - PA t genyen yon chanjman

Wi - Lè mwen yo te diminye pi ba pase 20 èdtan pa semèn

N/A - Pa aplikab

(E) Èske revni non ganye yon moun te chanje pa plis pase \$100? (ex: SSI, pansyon alimantè, chomaj.)

Non - PA t genyen yon chanjman

Wi - Ranpli bwat ki anba yo epi atache prèv

Non(*Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi*)

Tip Revni

Konbyen kòb yo touche pa mwa?
\$

JFS 07221-HAT (Rev. 10/2024)

Paj 4 nan 6

Non (<i>Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi</i>)	Tip Revni	Konbyen kòb yo touche pa mwa? \$
Non (<i>Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi</i>)	Tip Revni	Konbyen kòb yo touche pa mwa? \$
(F) Èske gen yon moun ki te gen chanjman nan montan pansyon alimantè yo peye yo? Non - PA t genyen yon chanjman Wi - Ranpli bwat ki anba yo epi atache prèv		
Non (<i>Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi</i>)	Obligasyon Pansyon Alimantè pa mwa	
(G) Èske ou menm oubyen nenpòt moun nan fwaye ou te fè \$4 500 oubyen plis (avan sa yo kenbe yo) nan lotri oubyen gany nan jwèt aza? Non/Pa Aplikab Wi - Ranpli bwat ki anba yo epi atache prèv		
Non (<i>Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Non Fanmi</i>)	Dat Gany yo	Montan Gany yo \$



Etap 3: Li avèk atansyon, siyen epi mete dat

Lè w siyen fòmilè sa a:

- Mwen konprann ak sètifye, anba pèn pou fo sèman, ke tout repons mwen yo nan Rapò Enterimè sa yo kòrèk epi yo ranpli nan pi bon konesans mwen.
- Mwen konprann ke pèn pou fwod yo ap tankou swivan: Yo kapab voye mwen nan prizon pou jiska 20 ane epi peye yon amann \$250,000, mwen kapab dwe peye an retou avantaj yo si mwen pa elijib pou resevwa yo, premye fwa mwen vyole règleman yo toutespre, mwen p ap kapab jwenn SNAP pou yon ane, dezyèm fwa de (2) ane, epi aprè twazyèm fwa, mwen p ap kapab resevwa SNAP ankò.
- Mwen konprann ak dakò pou prezante tout dokiman pou konplete Rapò Enterimè mwen an.
- Mwen konprann epi dakò biwo JFS konte a ka kontakte lòt moun oswa òganizasyon pou jwenn prèv nesesè pou elijibilite ak nivo avantaj yo.
- Mwen konprann nan kèk ka, yo kapab mande mwen pou bay konsantman mwen bay biwo JFS konte mwen an pou pran tout kontak nesesè pou detèmine elijibilite.
- Mwen konprann ke nenpòt chanjman yo rapòte nan avi sa kapab lakoz yon rediksyon oubyen fen nan avantaj yo.
- Mwen konprann ke aprè mwen fin retounen fòmilè sa, mwen ap toujou bezwen rapòte chanjman sa yo ki kapab fèt avan resètifikasyon mwen an:
 - 1) lè revni brit chak mwa mwen an monte depase limit revni chak mwa nivo povrete federal 130% an pou gwosè gwoup asistans mwen an,
 - 2) si yon manm gwoup asistans mwen an soumèt ak kondisyon travay la pou Adilt San Andikap Ki San Moun ki Depann De li (ABAWD) epi kantite lè travay pa mwen/pa yo tonbe anba 20 èdtan pa semèn oubyen 80 èdtan an mwayèn chak mwa epi,
 - 3) si yon moun nan fwaye mwen an genyen \$4,500 oubyen plis nan lotri oubyen jwèt aza.

Siyati

Dat



Etap 4: Retounen Fòmilè Avèk Prèv sou Nenpòt Chanjman Avan Dat Limit sou Paj 1

RANPLI PA KONTE A:

Kontak Konte		Adrès Konte a	
Nimewo Telefòn Konte a	Nimewo Faks Konte a	Nimewo Dosye	